

Kisa ki Konje Fanmi Peye ak Konje Medikal peye (PFML)?

PFML se yon pwogram Commonwealth ki fèt pou bay anplwaye Massachusetts yo resous pou jere pwòp [pwoblèm sante grav](#) pa yo, [pwoblèm sante grav yon manm fanmi](#) yo, oswa jere zafè yon manm fanmi kap sèvi nan lame, oswa pou pase plis tan [avèk yon timoun piti](#).

Pifò patwon Massachusetts ta dwe swa patisipe nan plan PFML leta an oswa geyen yon ekivalan prive. Ou ka resevwa avantaj pou jiska 26 semèn nan yon ane benefis. Benefis PFML yo finanse ak kontribisyon sou chak dola salè ki touche pa yon anplwaye ki jwenn pwoteksyon pwogram nan.

Èske mwen kalifye pou PFML?

Ou kouvri pa lwa PFML la si :

- ✓ Ou se yon anplwaye k ap travay pou yon biznis Massachusetts oswa yon ajans leta.
- ✓ Ou se yon kontraktè ki resevwa yon fòm taks 1099-MISC nan yon biznis ki bay fòm taks 1099-MISC a plis pase 50% nan travayè li yo.
- ✓ Anplwayè w la pa gen yon egzanpsyon konje peye prive ki apwouve pa Depatman konje fanmi paye ak Konje medikal peye .
- ✓ Ou se yon ansyen anplwaye ki te nan chomaj pandan 26 semèn oswa mwens.
- ✓ Si ou te touche omwen \$5,700 pandan dènye 4 trimès kalandriye an, epi omwen 30 fwa plis pase sa ou kalifye pou jwenn chak semèn nan benefis yo, ou satisfè kritè yo. Sèvi ak [kalkilatri](#) nou an pou wè si ou satisfè kondisyon salè PFML la.

Si w ap travay pou tèt ou oswa ou se yon kontraktè 1099- MISC pou yon biznis ki pa kouvri kontraktèl pou PFML paske anplwaye 1099- MISC yo reprezante mwens pase 50% nan mendèv biznis la, ou kapab chwazi antre nan pwogram PFML la. W ap jwenn plis enfòmasyon [isit](#).

Ki kalite konje ki disponib?



Pase tan avèk yon timoun
(Konje Fanmi peye jiska 12 semèn)

Yon anplwaye ki gen kouvèti a kapab kite pou pase tan ak piti li pandan:

- Premye 12 mwa apre nesans timoun nan
- Premye 12 mwa apre timoun lan plase pou adopsyon oswa nan mezon akèy ak moun ki kouvri an



Bay swen a yon manm fanmi an (Konje Fanmi peye jiska 12 semèn)

Konje pou pran swen yon manm fanmi ki gen yon kondisyon sante grav



Medikal
(Konje medikal peye jiska 20 semèn)

Konje pou moun la pran swen pwòp kondisyon sante pa li



Sèvis militè aktif
(Konje Fanmi peye jiska 26 semèn)
Konje pou :

- Jere zafè yon manm fanmi k ap fè sèvis militè aktif li, oswa yo te bay li lòd pou li vini aktif nan fòs lame
- Bay yon manm fanmi swen ki se yon militè nan lame ki te blese oswa pral chòk pandan li nan sèvis militè aktif.

Orè konje yo

Lè w ap pran PFML, ou kapab chwazi twa fason diferan pou planifye orè ou epi ou kapab chwazi diferan tip konje k ap pi bon pou ou :

Konje kontinyèl :

Yonsèl peryòd tan konsekitif, jou konje youn dèyè lòt san enteripsyon

Konje redwi:

Yon orè ki konsistan men ki redwi pou plizyè semèn

Konje tanzantan:

Epizòd miltip nan tan redwi, ki ka iregilye oswa ki pa t prevwa

Prepare pou aplike

Kòm yon pati nan pwosesis aplikasyon an mande w pou bay:

- Dat ou te avize anplwayè w la ou bezwen pran konje an
- [Proof of ID](#)
- Nimewo Sekirite Sosyal (SSN) Idantifikasyon tax Endividye (ITIN)

- Rezon ki fè w ap pran yo konje an
- Si sa aplikab, bay enfòmasyon ki soti nan men [founisè swen sante](#) ou sou kondisyon sante grav paw oswa manm fanmi ki malad la
- Nimewo Idantifikasyon Anplwayè (EIN)

- Dat w ap planifye pou pran konje an,
- Enfòmasyon sou kont bank ou

kòmanse:

[Kreye yon kont PFML](#)